# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń demografiyalıq jağdayı

*2025-jıldıń yanvar-dekabr ayları ushın*

I. Tiykarğı demografiyalıq kórsetkishler
II. Turaqlı xalıq sanı
III. Tuwılğanlar hám qaytıs bolğanlar
IV. Dúzilgen nekeler hám nekeden ajırasıwlar
V. Xalıq migraciyası
VI. Demografiyalıq kórsetkishlerdiń metodikaliq tusindirmeleri hám metama'lumotlar

## I. Tiykarğı demografiyalıq kórsetkishler

2026-jıldıń 1-yanvar jağdayına Qaraqalpaqstan Respublikasınıń turaqlı xalıq sanı 2 053,2 mıń adamdı qurap, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırğanda 1,2 % ke kóbeydi. 2025-jıl yanvar-dekabr aylarında tuwılğanlar sanı 39,3 mıń adamdı, qaytıs bolğanlar 10,4 mıń adamdı qurap, tábiyğıy ósim 28,9 mıń adamğa teń boldı. Mámleketimizge sırt ellerden kóship kelgenler sanı 101 adamdı hám mámleketten sırt ellerge kóship ketkenler sanı 3 532 adamdı, dizimge alınğan nekeler 12,2 mıń birlikti, nekeden ajırasıwlar 1,9 mıń birlikti quradı.

| | | |
|---|---|---|
| **Turaqlı xalıq sanı** | **2 053,2** | *mıń adam* |
| **Tuwılğanlar sanı** | **39,3** | *mıń adam* |
| **Qaytıs bolğanlar sanı** | **10,4** | *mıń adam* |
| **Sırt ellerden kóship kelgenler** | **101** | *adam* |
| **Sırt ellerge kóship ketkenler** | **3 532** | *adam* |
| **Dúzilgen nekeler sanı** | **12,2** | *mıń birlik* |
| **Nekeden ajırasıwlar sanı** | **1,9** | *mıń birlik* |

## II. Turaqlı xalıq sanı

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń turaqlı xalıq sanı 2026-jıldıń 1-yanvar jaǵdayına 2 053,2 mıń adamdı qurap, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 23,5 mıń adamǵa yaǵnıy 1,2 % ke kóbeydi. Sonnan, qalalıq jerlerdegi xalıq sanı 999,5 mıń adamdı (jámi xalıq sanındaǵı úlesi 48,7 %), awıllıq jerlerdegi xalıq sanı 1 053,7 mıń adamdı (51,3 %) mıń adamdı, hayallar sanı 1 021,7 mıń adamdı (49,8 %), erkeklar sanı 1 031,5 mıń adamdı (50,2 %) quradı.

### Turaqlı xalıq sanı
*(1- yanvar jaǵdayına, adam)*

| | 2025-jıl | 2026-jıl | Ósiw páti, % te |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **2 029 718** | **2 053 173** | **101,2** |
| Nókis qalası | 344 690 | 349 392 | 101,4 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 215 655 | 218 682 | 101,4 |
| Beruniy | 209 025 | 212 587 | 101,7 |
| Bozataw | 21 846 | 21 829 | 99,9 |
| Qaraózek | 54 712 | 54 763 | 100,1 |
| Kegeyli | 75 362 | 75 925 | 100,7 |
| Qońırat | 137 234 | 138 368 | 100,8 |
| Qanlıkól | 54 346 | 54 823 | 100,9 |
| Moynaq | 33 885 | 34 133 | 100,7 |
| Nókis | 54 956 | 55 947 | 101,8 |
| Taqıyatas | 77 389 | 77 760 | 100,5 |
| Taxtakópir | 38 918 | 38 930 | 100,0 |
| Tórtkúl | 232 504 | 236 050 | 101,5 |
| Xojeli | 130 115 | 131 272 | 100,9 |
| Shımbay | 116 543 | 117 107 | 100,5 |
| Shomanay | 58 517 | 58 748 | 100,4 |
| Ellikqala | 174 021 | 176 857 | 101,6 |

Qaraqalpaqstan Respublikasında 2026-jıldıń 1-yanvar jaǵdayına 1 kvadrat kilometrge ortasha 12,3 adam tuwrı kelgen. (2025-jıl 1-yanvar jaǵdayına 1 kv.km.ge 12,2 adam).




## III. Tuwılǵanlar hám qaytıs bolǵanlar

Qaraqalpaqstan Respublikasında 2025-jıldıń yanvar-dekabr aylarında dizimge alinǵan tiri tuwılǵanlar sanı 39,3 mıń adamdı, hár mıń xalıqqa salıstırǵanda tuwılıw koefficienti 19,2 promilleni quradı. Tuwılǵanlar sanı 2025-jıldıń yanvar-dekabr aylarında 2024-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 2,3 mıń adamǵa kemeygen.

Qaytıs bolǵanlar sanı 10,4 mıń adamdı, hár mıń xalıqqa salıstırǵanda qaytıs bolǵanlar koefficienti 5,1 promilleni quradı. Qaytıs bolǵanlar 2024-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda hám 5,1 promilleni quradı.




Qaraqalpaqstan Respublikasıda tiri tuwılǵanlar sanı 39,3 mıń adamdı, sonnan ul balalar sanı 20,3 mıń adamdı (jámi tuwılǵanlar sanı salıstırǵanda 51,7 %), qız balalar sanı 19,0 mıń adamdı (48,3 %) quradı.

Qaraqalpaqstan Respublikasında qaytıs bolǵanlar sanı 10,4 mıń adamdı, sonnan erkekler 5,8 mıń adamdı (jámi qaytıs bolǵanlar sanına salıstırǵanda 55,7 %), hayallar 4,6 mıń adamdı (44,3 %) quradı

**Tuwılǵanlar hám qaytıs bolǵanlar jınısı boyınsha bólistiriliwi**

*mıń adam*




## IV. Dúzilgen nekeler hám nekeden ajırasıwlar sanı

Qaraqalpaqstan Respublikasında 2025-jıldıń yanvar-dekabr aylarında dizimge alınǵan dúzilgen nekeler sanı 12,2 mıń birlik, hár mıń xalıqqa salıstırǵanda neke dúziw koefficienti 6,0 promilleni quradı. Nekeler sanı usı jıldıń yanvar-dekabr aylarında 2024-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 1,0 mıń birlikke kemeygen.

Nekeden ajırasıwlar sanı 1,9 mıń birlik, hár mıń xalıqqa salıstırǵanda nekeden ajırasıwlar koefficienti 0,9 promilleni quradı.

**Dúzilgen nekeler hám nekeden ajırasıwlar sanı, mıń birlik**



Qaraqalpaqstan Respublikasında dúzilgen nekeler sanı 12,2 mıń birlikti, sonnan qalalıq jerlerde 5,4 mıń birlikti, awıllıq jerlerde 6,8 mıń birlikti quradı.

Qaraqalpaqstan Respublikasında nekeden ajırasıwlar sanı 1,9 mıń birlikti, sonnan qalalıq jerlerde 1,1 mıń birlikti, awıllıq jerlerde 0,8 mıń birlikti quradı.

**Dúzilgen nekeler hám nekeden ajırasıwlardıń jasaw jerleri boyınsha bólistiriliwi,** *mıń birlik*




## V. Xalıqtıń migraciyası

2025-jıldıń yanvar-dekabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha turaqlı jasaw maqsetinde kóship kelgenler 13 200 adamdı, sonnan respublikanıń basqa aymaqlarınan kóship kelgenler 13 099 adamdı, sırt ellerden kóship kelgenler sanı 101 adamdı quradı.

Kóship ketkenler sanı jámi 18 622 adamdı, sonnan respublikanıń basqa aymaqlarına kóship ketkenler 15 090 adamdı, sırt ellerge kóship ketkenler sanı 3 532 adamdı quradı.

## Kóship kelgenler sanı hám kóship ketkenler sanı, adam

| | Kóship kelgenler sanı | | | Kóship ketkenler sanı | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Jámi | *sonnan:* ishki | *sonnan:* sırtqı | Jámi | *sonnan:* ishki | *sonnan:* sırtqı |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **13 200** | **13 099** | **101** | **18 622** | **15 090** | **3 532** |
| Nókis qalası | 4 688 | 4 659 | 29 | 4 171 | 3 332 | 839 |
| *rayonlar:* | | | | | | |
| Ámiwdárya | 838 | 808 | 30 | 1 468 | 1 303 | 165 |
| Beruniy | 871 | 871 | 0 | 1 307 | 1 111 | 196 |
| Bozataw | 128 | 125 | 3 | 360 | 307 | 53 |
| Qaraózek | 112 | 112 | 0 | 598 | 559 | 39 |
| Kegeyli | 495 | 489 | 6 | 854 | 779 | 75 |
| Qońırat | 465 | 462 | 3 | 1 174 | 683 | 491 |
| Qanlıkól | 377 | 377 | 0 | 501 | 459 | 42 |
| Moynaq | 168 | 168 | 0 | 339 | 242 | 97 |
| Nókis | 1 041 | 1 039 | 2 | 814 | 734 | 80 |
| Taqıyatas | 348 | 348 | 0 | 823 | 419 | 404 |
| Taxtakópir | 247 | 240 | 7 | 599 | 358 | 241 |
| Tórtkúl | 923 | 911 | 12 | 1 271 | 1 209 | 62 |
| Xojeli | 830 | 825 | 5 | 1 372 | 957 | 415 |
| Shımbay | 691 | 688 | 3 | 1 319 | 1138 | 181 |
| Shomanay | 294 | 293 | 1 | 559 | 504 | 55 |
| Ellikqala | 684 | 684 | 0 | 1 093 | 996 | 97 |

## Sırt el mámleketlerinen kóship kelgenler hám sırt el mámleketlerine kóship ketkenler sanı, adam



## VII. Metamaǵlıwmatlar

**Turaqlı xalıq** - dizimnen ótkerilip atırǵan waqıtta arnawlı bir xalıq punkti yamasa aymaqta turaqlı jasap atırǵan xalıqtan ibarat bolıp, buǵan bul aymaqta turaqlı dizimde turıp, bıraq waqtınsha jasamaytuǵın xalıq da kiritiledi.

**Qala xalqı** - qala aymaqlarında, yaǵnıy normativ hújjetler menen qalalar, qalashalar retinde belgilengen xalıq punktlerinde jasawshı xalıq.

**Tuwılıw** - tuwılıw processleriniń júz beriwi hám basqa qásiyetlerin xarakteristikalaytuǵın kórsetkish.

**1000 xalıqqa salıstırǵanda tuwılıw koefficienti** - esabat jılında jámi tuwılganlar (tiri) sanın esabat dáwirindegi turaqlı xalıqtıń ortasha sanına bólıp, 1000 ǵa kóbeytiw arqalı esaplanadı.

**1000 xalıqqa salıstırǵanda ólim koefficienti -** esabat jılında jámi ólgenler sanın esabat jılıdaǵı turaqlı xalıqtıń ortasha sanına bólıp, 1000 ǵa kóbeytiw arqalı esaplanadı.

**Neke -** er adam hám hayal arasındaǵı, olardıń bir-birlerine hám perzentlerine salıstırǵanda huqıq hám minnetlemelerin belgilep beretuǵın óz-ara qatnasları forması. Er hám hayal arasındaǵı yuridikalıq qatnaslar puqaralıq jaǵdayı aktların jazıw (PHAJ) shólkemlerinde nekelerin dizimnen ótkeriw nátiyjesinde ornatıladı.

**1000 xalıqqa salıstırǵanda nekeler koefficienti -** esapbat jılında dúzilgen nekeler sanın turaqlı xalıqtıń ortasha sanına bólıp, 1000 ǵa kóbeytiw arqalı esaplanadı.

**Nekeden ajırasıw (nekeni bıykarlaw )** – er hám hayallardıń turmısı dawamında, tárepler ushın qayta neke huqıqın beretuǵın, nekelerdiń tolıq yuridikalıq toqtatılıwı, neke PHAJ yamasa sud shólkemlerinde ajırasıwdı dizimnen ótkerilgeninen keyin biykar etilgen esaplanadı.

**1000 xalıqqa salıstırǵanda nekeden ajırasıw koefficienti -** esabat jılında nekeden ajırasıwlar sanın turaqlı xalıqtıń ortasha sanına bólıp, 1000 ǵa kóbeytiw arqalı esaplanadı.

**Kóship kelgenler sanı** - kóship kelgenlerdiń absolyut muǵdarı, yaǵnıy arnawlı bir aymaqqa onıń sırtınan kóship kelgenlerden ibarat. Ishki isler organları tárepinen xalıqtı jasaw jayı boyınsha dizimge alıwda dúziletuǵın statistikalıq esapqa alıw sorawnamaların qayta islew nátiyjesinde kóship keliw.

**Kóship ketkenler sanı** - kóship ketkenlerdiń absolyut muǵdarı, yaǵnıy belgili bir aymaqqa onıń sırtınan kóship ketkenler ibarat. Ishki ishlar organlari tárepinen xalıqtı jasaw jayı boyınsha dizimge alıwda dúziletuǵın statistikalıq esapqa alıw sorawnamaların qayta islew nátiyjesinde kóship ketiw.

| Tayarlaw ushın juwapker: | orınlawshı: | Manzil: |
|---|---|---|
| Demografiya, mehnat va gender statistiaksı bólimi | A. Mamutova<br>Tel: 61 222-76-57 (9570) | 230103, Nókis,<br>A. Dosnazarov ko'shesi,<br>97 a-úy **Pochta**: info@qrstat.uz |